

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data nu geus dipedar saméméhna ngeunaan polah ucap diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Dina ieu panalungtikan, polah ucap diréktif jeung éksprésif nu kapanggih dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri, kapaluruh aya 568 kalimah. Dipasing-pasing deui dumasar kana wandana saperti polah ucap diréktif ilokusi aya 216 kalimah sarta polah ucap éksprésif ilokusi aya 11 kalimah.

Fungsi polah ucap diréktif kapanggih aya 334 kalimah, nu dipasing-pasing deui dumasar kana hartina saperti (1) fungsi panitah aya 88 kalimah, (2) fungsi panyarékan aya 46 kalimah, (3) fungsi pangajak aya 7 kalimah, (4) fungsi pananya aya 140 kalimah, sarta (5) fungsi paménta aya 24 kalimah.

Ari fungsi polah ucap éksprésif kapanggih aya 234 kalimah, anu dipasing-pasing dumasar hartina saperti (1) fungsi muji aya 1 kalimah, (2) fungsi nyarékan 55 kalimah, (3) fungsi kukulutus aya 18 kalimah, (4) fungsi nyalahkeun aya 5 kalimah, (5) fungsi ngawilujengkeun aya 9 kalimah, (6) fungsi ménta ampun aya 9 kalimah, (7) fungsi kakeuheul aya 28 kalimah, (8) fungsi karumasaan aya 13 kalimah, (9) fungsi kanyeri aya 11 kalimah, (10) fungsi kakagét aya 18 kalimah, (11) fungsi kabingung aya 3 kalimah, (12) fungsi kabungah aya 10 kalimah.

Adegan polah ucap diréktif kapanggih aya 69 kalimah, nu dipasing-pasing dumasar kana téma—réma aya 6 kalimah sarta fokus—latar aya 63 kalimah. Ari adegan polah ucap éksprésif kapanggih aya 13 kalimah, nu dipasing-pasing dumasar kana téma—réma aya 6 kalimah sarta fokus—latar aya 7 kalimah.

Bédana polah ucap diréktif jeung éksprésif bisa ditilik tina kontéks hartina. Polah ucap direktif salaku jenis polah ucap nu dipaké ku panyatur pikeun nitah hiji jalma. Ari polah ucap éksprésif mah salaku ngébréhkeun rasa panyatur ka pamiarsa dumasar kaayaan psikologina. Anapon kitu, bisa ditilik tina rupa-rupa hartina. Polah ucap diréktif ngawengku kana fungsi nitah, ménta, ngadesek, miharep, nyarékan, Tia Septyani, 2018

POLAH UCAP DIRÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL SI KABAYAN JADI DUKUN KARYA MOH. AMBRI

ngajak, ngageuri, ngajurung, jeung ngawidian. Polah ucap éksprésif ngawengku kana fungsi ngawilujengkeun, kakagét, karumasaan, kabungah, kanyeri, mupuas, kageuleuh, nyarékan, kakeuheul, jeung kukulutus.

Ditilik tina rupa-rupa harti, polah ucap diréktif jeung éksprésif méh sarua polah ucap diréktif miboga fungsi panyarékan jeung polah ucap éksprésif miboga fungsi nyarékan. Anapon kitu dina dasarna duanana béda, upama fungsi panyarékan mah nu fungsina pikeun nyarékan atawa ngaulah-ulah biasana dina lentong nu teu luhur teuing sarta dipiheulaan ku kecap ulah, entong, jsb. Ari fungsi nyarékan mah nu fungsina pikeun nyarékan sarta maké lentong nu luhur kacida.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén wanda, fungsi jeung adegan polah ucap diréktif sarta éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri téh euyeub pisan sarta bisa basa nu digunakeun dina éta novel gampang dipikaharti, lantaran kitu bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wandana, fungsina, adegan katut bédana.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta sabada nengetan, nganalisis jeung ngalarapkeun wanda, fungsi, adegan sarta bédana polah ucap diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri dipiharep dina dunya atikan hususna mahasiswa maham kana wanda, fungsi, sarta adegan polah ucap diréktif jeung éksprésif.

5.3 Rékomendasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar wanda jeung fungsi polah ucap diréktif jeung éksprésif dina novel *Si Kabayan Jadi Dukun* karya Moh. Ambri ditalungtik maké tilikan pragmatik. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan séjénna ngagunakeun élmu séjénna.

Tia Septyani, 2018

POLAH UCAP DIRÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL SI KABAYAN JADI DUKUN KARYA MOH. AMBRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kadua, ieu panalungtikan medar adegan polah ucap diréktif jeung éksprésif kawilang masih saeutik lantaran munggaran ditalungtik. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan satuluyna.

Katilu, tina wanda, fungsi sarta adegan polah ucap diréktif jeung éksprésif dipiharep bisa ngahudangkeun kasurtian dina kahirupan sapopoé, utamana dina komunikasi.